

# Karakter bayi lahir menurut tanggal kelahiran Jawa

**Kawruhbasa.com** - Selain [bayi lahir menurut hari dan pasaran \(weton\)](#), dalam primbon Jawa diterangkan pula bagaimana karakter atau perwatakan bayi yang lahir pada tanggal tertentu, mulai tanggal 1 sampai 30 dalam penanggalan Jawa.

## Tabel karakter bayi yang lahir pada tanggal 1 sampai 30 dalam penanggalan Jawa



Tanggal	Watake
1	Gedhe piyangkuhe, lan gedhe begjane, yen kasandhung babar pisan wurung dadi urusaning wong.
2	Sugih anak mitra, bubudene pilih asih, semu lengus, pikire lalen.
3	sumeh prasaja, kaku gelis lejare, golonganing kakon aten nanging gumati.
4	wegig amicara, akeh pikire kang becik, elingan samburang ing karya.
5	amicara, mara tangan, mara cangkem, loma ing buja kramane, resikan.
6	busuk, lalen sebarang pikire carobo, sabarang pagaweyan kang digarap kesed marang pegaweyan.
7	wegig amicara, limpat, rada karem marang wadon, ingkang ala pikire saru.
8	sugih etung, ala becik sugih sedulur lan rukun, ing sabarang pikire becik.
9	kakon aten lan panas baranan, gelis lejare, lumrah pikire, lila samubarang.
10	pepet sumber, lalen nanging wegig pikire, dhemen wawadul, ala lan becik.
11	lir budi jubriya, sumangkeyan nanging weruh tata ala lan becik.
12	dhemen semu oleh, yen meneng lengus, yen receh samubarang pratitis lan wasis.

<b>Tanggal</b>	<b>Watake</b>
13	limpat wicarane, pratitis wegig, kaku mung sadhela, brangasan nuli lejar.
14	sugih wicara, becik cetha, weruh sabarang, susila ing batin prakara pikire.
15	terang sabarang pikirane, sedhengan dadi pujangga, akeh wicarane kang suli.
16	busuk lalen, carobo sabarang pikire, kapra kesed marang pagaweyan.
17	sugih etung, ala lan becik, sugih sedulur lan padha rukun sabarang prayoga suci.
18	wegig micara, limput, rada karem marang wong wadon, kareman ing ala lakune.
19	panas baranan nanging gelis lejare, lilan sabarang lan muras boja kramane.
20	pepet pikir lalen, dhemen seneng wadul ing wong alawan becik.
21	lir budine, jubriya, sumangkeyan, nanging weruh tata ala lan becik.
22	dhemen pikir molah, yen meneng lengguk, yen juweh pratitis nalare kawruh iku nyata.
23	limpat pamicarane, pratitis, wegig, brangasan sedhela nuli lejar pikire sareh.
24	suci sugih wicara becik, cetha kawruhe lan suci pikirane, sabarang lair batin.
25	terang sabarang, pikir sedhengan, dadi pujangga akeh wicarane sabarang ingkang suci.
26	busuk, lalen carobo sabarang pikire, pagaweyan kesed, lumuh, iku wong ala.
27	sugih etung ala becik, sugih sanak sadulur padha rukun ing gawe, pikire tata.
28	sugih wicara, anyenyengit tembung, rada karem marang wadon, ingkang ala pikir ngiwa.
29	kakon aten, panas baranan, gelis lilih gelis lejare, pradhah boja kramane.
30	gedhe piyangkuhe, gedhe begjane, yen kasumbung ora dadi apa.

Demikian Karakter bayi lahir menurut tanggal kelahiran Jawa, semoga menambah wawasan kita bersama. Kunjungi terus **Kawruh Basa** untuk mendapatkan artikel terbaru kami, atau ikuti kami di [Google News](#)